

Understand Your Legal Issue

Solve Your Legal Problem

www.floridalawhelp.org

Considering a Reverse

Considering a Reverse Mortgage? - Haitian Creole (Kreyòl Ayisyen)

Èske ou anvizaje yon ipotèk envèse?

Authored By: Community Legal Services of Mid-Florida, Inc.

FAQ

Kisa yon Ipotèk Envèse ye?

Yon Ipotèk Konvèsyon Ekite sou Kay (Home Equity Conversion Mortgage, HECM), ki rele pafwa yon Ipotèk Envèse, se yon kalite prè espesyal sou kay nan Administrasyon Federal Lojman (Federal Housing Administration, FHA) k ap pèmèt ou retire ekite ou peye nan kay ou. Yon FHA HECM se yon pwodui ipotèk pwoteje ki kapab ede granmoun aje yo jwenn aksè nan lajan pou depans medikal oswa pou revni siplemantè. Kontrèman ak yon ipotèk tradisyonèl, moun ki prete lajan yo pa gen pou ranbouse lajan an jouk lè yo pa posede kay la ankò oswa jouk lè yo pa itilize kay la ankò yon adrès prensipal. Anjeneral, yo peye lajan an nan peman egalego pa mwa ba mèt kay la, men mèt kay yo kapab chwazi pou resevwa peman yo nan yon liy kredi. Anpil granmoun aje itilize lajan an pou depans medikal yo pa prevwa, pou ogmante Sekirite Sosyal yo, epitou pou fè amelyorasyon nan kay yo.

Ki kondisyon pou kalifye pou Pwogram FHA HECM?

Ou dwe:

- Gen laj 62 zan oswa plis
- Posede kay la oswa ou dwe gen yon kantite lajan ekite enpòtan
- Ap viv nan kay la kòm adrès prensipal ou
- Ou pa dwe gen aryere peman sou okenn dèt federal
- Patisipe nan yon sesyon enfòmasyon pou kliyan avèk yon konseye HECM HUD apwouve.

Ki kalite pwopriyete ki kalifye pou pwogram FHA HECM?

- Kay pou yon sèl Fanmi kay ki gen 2-4 apatman epi mèt kay la ap viv ladan
- Pwojè kondominyòm HUD Apwouve
- Kay pre-fabrike ki satisfè kondisyon FHA.

Kisa pou mwen fè si ipotèk mwen pa yon prè FHA?

Ou kapab aplike pou yon HECM kèlkeswa si ou te achte oswa pa t achte kay ou avèk yon ipotèk ki asire avèk FHA?

Ki kantite lajan mwen kapab resevwa nan kay mwen?

Kantite lajan ou kapab prete a depannde:

- Laj moun k ap prete lajan an ki pi jèn nan
- Ti enterè yo nan moman an
- Piti nan valè estime a oswa limit ipotèk HECM FHA \$625,000 dola Premye Peman Asirans Ipotèk la pa Mwa

Èske pral gen yon pwopriyete pou mwen kite pou eritye mwen yo?

Y ap transfere tout lajan ki depase frè finansye HECM, enterè, ak lajan kach ba madanm/mari ou oswa nan pwopriyete ou. Sa vle di, yo kapab transfere rès ekite a ba eritye ou yo.

Èske mwen ta dwe itilize yon sèvis planifikasyon pwopriyete pou jwenn yon enstitisyon prè ipotèk envèse?

Li pa rekòmande pou kliyan yo itilize yon sèvis ki fè yo peye yon frè pou ede yo avèk sèvis sa yo. FHA ak HUD bay sèvis konsèy gratis pou granmoun aje ki anvizaje yon prè FHA HECM.

Mwen toujou gen kesyon. Kimoun mwen kapab kontakte pou mwen jwenn plis enfòmasyon?

- Administrasyon Federal Lojman (Federal Housing Administration, FHA) 1-800-CALL-FHA www.fha.gov
- Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing & Urban Development, HUD) 1-800-569-4287 www.hud.gov
- Konsèy Nasyonal sou Vyeyisman (National Council on Aging) 1-800-510-0301 www.ncoa.org

Updated: April 18, 2017

Printed: March 25, 2019

<http://www.floridalawhelp.org/node/436/considering-reverse-mortgage-haitian-creole-kreyòl->

ayisyen

©Understand Your Legal Issue